



Yon travay men nan men ant Gouvènman Peyi D Ayiti ak Kominote Entènasyonal la



BILTEN ENFÒMASYON TRIMESTRIYÈL FRH/ No 9: PRINTAN 2014

Nou kontan anpil pou nou prezante nevyèm biltin FRH mete deyò chak twa mwa. Objektif nou se bay bonjan enfòmasyon tanzantan sou fason FRH ap kore travay k ap fèt pou rebati Ayiti. Biltin sila a se chak twa mwa li pibliye pou li pote dènyè nouvel mete sou rapò FRH prepare chak lanne ki pibliye nam mwa jiyè. Nou ta byen kontan tandem lide nou ak sa nou ta renmen mande.



Sant Resous Kominotè nan Nerèt – Foto koutwazi FRH

MEN SA POU NOU KENBE

Gouvènans FRH	p.2
Fokis sou bayè yo : Sa ki vle kòmanse ede ak sa ki pa abitye bay èd	p.2
Fokis sou Zafè kay pou moun rete epi devlòpman vil	p.3
Rezulta pwojè yo	p.8
FRH an chif	p.9
Lafanmi FRH : Komite Pilotaj la	p.10

MEN SA POU NOU KENBE

- Komite Pilotaj FRH la mete 17.8 milyon dola apa pou pwogram ki sipote bidje gouvenman (paj 2)
- Wit peyi k ap emeje ak lòt ki pa abitye bay èd pote 72 milyon dola nan kès FRH (paj. 2)
- Piplis pase 60% nan lajan ki bay yo al jwenn pwogram ki sèvi pou ranje kay, ranje katye, jere dekonm epi redwi danje ki genyen nan malè pandye (paj. 3-6)
- Senk kan ki te nan zòn Janmari Vensan Petyonvil ak Site Makso gen tan fèmen, piplis pase 12,450 fanmi jwenn lòt kote pou yo rete (paj. 8)
- Nan 272.8 milyon ki te transfere bay ajans patnè yo, gen 189.4milyon ki sòti nan kès la (paj. 9)

GOUVÈNANS FRH

Pandan two premye mwa lanne 2014 la, gen desizyon ki pran sou finansman FRH pou sipò bidjè a ak preparasyon pwochen reyinyon Komite Pilotaj FRH la epitou, ajans patnè yo fè pwogrè nan prepare nouvo aktivite pou yo jwenn finansman pou FRH.

17 fevriye ki sòt pase a Komite a deside pou li mete 17,58 milyon dolà nan resèv lajan FRH la apa pou yon pwogram sipò bidjè Gouvènman Ayisyen an te mande Bank Mondyal, yon ajans patnè li. Gen yon desizyon ki pran pou lajan sila a bay lè gouvènman an fin fè sa ki nesesè pou li fè alavans epi soumèt yon dènye dokiman pwojè pou komite a etidyé

Komite FRH la gen yon nouvo Prezidan, se Marikamèl Janmari ki fèk nonmen Ministè Ekonomi ak Finans. Nan yon reyinyon pou twoke enfòmasyon ak Minis la desizyon te pran pou douzyèm reyinyon Komite a te fèt 28 me jan sa te prevwa. Men kisa ki pral pale nan reyinyon sila a: a) nouvo desizyon sou kote lajan ap bay; b) yon chita pale sou lavni FRH ; c) yon egzamen pwojè bidjè Sekertarya ak gadyen Lajan yo pou pwochen lanne fiskal la; epi d) prezantasyon Ajans Patnè yo fè sou pwogrè aktivite k ap fèt yo osinon sa ki deja fet yo.

De enstitisyon patnè yo ap prepare plizyè pwojè pou FRH finanse. BID ap prepare yon pwojè pou yo ranje liy elektrik ki pote kouran ki sòti Pelig la rive Pòtoprens (16 milyon dola finansman FRH) epi de pwogram sipò bidjè a (21 milyon dola nan finansman FRH). Bank Mondyal ap prepare pwogram sipò bidjè nou sòt pale a epi blayi pwogram "Edikasyon pou toutmoun", objektif pwojè sila a se soutni pwogran kantin nan lekol peyi a (15 milyon dola nan finansman).



Elèv lekòl EFACAP nan Jakmel, ki benefisey nan pwojè Rekonstriksyon sektè Lediakasyon – (BID) – Foto koutwazi FRH

FOKIS SOU BAYÈ YO : SA KI VLE KOMANSE EDE AK SA KI PA ABITYE BAY ED

Apre kokennchenn tranblemand tè ki te kraze peyi a nan lanne 2010 la kominate entènasyonal la te bay anpil èd epi plizyè nan enstitisyon ki bay èd yo ansyen kou nouvo ak lòt peyi ki bay pou premye fwa deside pou yo mete yon pati nan siyo yo nan Fon pou Rebat Ayiti a. Men ki peyi sa yo ki patisipe se Kolonbi, Brezil, Chyp, Estoni, Letoni, nigerya, oman akb Taylann. Patisipasyon wit nouvo sous sila yo rive fè 72 milyon dola ki rive fè 18% sou 19% yo te pwomèt FRH la.

rive fè 72 milyon dola ki rive fè 18% sou 19% yo te pwomèt FRH la.

Pi fò nan lajan sila yo se Brezil ki te bay li (55 milyon dola) epitou se premye peyi ki siyen yon akò avèk FRH epi premye ki peye patisipasyon li nan Fon an. Brezil, Estoni ak Letoni bay lòt sipò anplis pase sa yo bay Fon an pou rekonstriksyon peyi an. Gouvènman peyi Kolonbi, Chyp, Nigerya, Oman ak Taylann mete tout patyisipasyon pa yo nan Fon an.


FRH bay gouvènman yon gwo bourad nan ede l jwenn kay pou moun tranblemand tè 2010 a te deplase epipou jwenn repons a pwoble peyi a ki pamal pou malè rive landan l. Gras ak divès pwojè ki mete ansanm ajans Nasyonzini yo , Bank Mondyal ak Enstitisyon peyi a te mete sou pye FRH ede Gouvènman an retire epi resykle 900 000 tòn dekonb, epi ranje katye ki te pran plis frap yo ,rive fèmen piplis pase 50 kan, transfere milye moun al mete nan kay ki fèk bati etan y ap bay chak moun sila yo plis kapsite pou yo jere malè pandye ak katastwòf epi nan tèt ansanm.

A. Kontèks

1. Kat lanne apre kokennchenn tranblemand tè ki te kraze Ayiti jou ki te 12 janvye 2010 la, gen anpil pwogrè ki fèt nan rebati enfrastriksti peyi a, nan fè aktivite ekonomik yo reprann epi remete enstitisyon nasyonal yo sou pye. jou ki te katryèm anivèsè tranblemand tè a gouvènman an fè konnen piplis pase 90% moun (piplis pase yon milyon) kite nan kan yo te transfere nan katye ki te rebati osinin ranje gras ak pwogram Gouvènman an te mete sou pye ak sipò kominate entènasyonal la.
2. Se FRH ki te bay pi gwo kout men pou jefò sila a fèt epi ki patisipe anpil nan plizyè pwogram pou ede mete moun nan kay ki gen bonjan resistans kont tranblemand tè, ki pi bon pou moun rete ak diyite, pou ranje enfrastrikti piblik yo pou yo ka pi bon epi amelyore lavi nan zòn ki te frape pi fò yo.
3. FRH mete pi fò nan resous li yo nan aktivite pou ranje osinon rebati katye yo, remete moun ki te pèdi tout afè yo akòz tranblemand tè a nan bonjan kay epi bati kominate ki gen resistans (gade tablo 1 ki pi ba a)
4. **FRH bay siro nan wit pwogram ak pwojè pou apeprè 182 milyon dolà (preske 60% nan lajan ki te disponib yo) pou fè lojman yo pi djanm, pou fè devlopman vil yo epitou pou nenpòt moun ka jere malè pandye.** Jan nou wè detay yo nan tablo ki vin apre a pwojè sila yo bay bonjan rezulta nan remete moun ki te deplase al rete nan kan yo nan bonjan kote, nan rebati osinon amelyore katye ki te frape pi fò nan tranblemand tè a epi ankouraje kominate yo pou yo gen plis resistans.
5. **Premyè aktivite FRH yo yo se te wete debri epi jere yo pou moun ka sikile nan vil la epi fè aktivite ekonomik yo reprann aprè tout kraze brize ki fèt yo.** Se de pwojè ki te resevwa 42 milyon dolà ki reprezante apeprè 14% nan kès FRH la nan finisman mwa mas 2014- Jere D ebri, Demoli epi Wete Debri ak Ekipman Lou. De pwojè sila yo te tanmen ak Nasyonzini kòm ajans patnè, tou de fini : youn jou ki te 30 jen 2013 epi lòt la 31 mas 2013.
6. **Malgre premye difikilite yo pwojè sila yo te efikas anpil jan toutmoun ka wè gwo kantite debri ki te wete epi resykle epi jan kapasite moun yo yo te pran fòs (gade tablo ki vin apre a).** Nan aktivite pwojè sila yo reyalize gen deblaye, transpò, kraze, triye epi resykle debri yo. Anplis, debri resykle yo sèvi pou fè adoken ak gabyon pou lari yo epi fasilité deplasman nan katye ki pi difisil pou randre ladan yo. Yo sèvi avèk yo tou pou bati kay ki gen rezistans kont tranblemand tè epi ki gen rezistans kont dega move tan ak lapli konn lakòz..
7. **Men ki pwojè FRH finanse k ap fèt kounye la a pou ede moun k ap viv nan kan yo jwenn bonjan kote pou yo rete.** Nan finisman mwa mas 2014, apeprè 39% nan resous FRH sètadi 120 milyon dola te bay pou mete moun ki te deplaser yo nan bon kay nan egzekite pwogram ki rele Èd pou Rebati Kay Kominotè nan Pòtoprens ak Pwojè 16 Katye/6 Kan (ki fèt ansanm ak ajans Nasyonzini yo kòm patnè) epi Pwojè pou Rebati Kay, Kominoté yo nan Pòtoprens (ki fèt ak Bank Mondyal kòm patnè). Twa pwojè sila yo ede mobilize yon lòt 28 milyon dola lòt donatè Gouvènman Ayisyen an te bay.

B. Rezulta pwogram ak pwojè FRH yo bay

8. Aktivite sila yo te reyalize gras ak lajan ki te bay pou peye lwaye kay ak sibvansyon yo te bay fanmi yo swa pou yo deplase swa pou yo ranje kay yo yon jan ki reziste ak tramblemand tè; epitou gen finansman ki te bay pou yo te debarase epi ranje pi gwo espas piblik lan Pòtoprens ak zon kole ak li yo (tankou Plas Sen Pyè, Janmari Vensan, Plas Kanapevè) kote milye moun deplase te rete) tout bagay sa yo te reyisi fèt ansanm ak amelyorasyon divès katye ki te konsidere kòm difisil anvan sa (Jalouzi, Mònèkil Kafou Fèy, Mònedo), ansanm ak konstriksyon ak reparasyon limye pour klere lari. Teren jwèt ak sant kominotè epi lòt enfrastrikti piblik te tabli nan zòn kote bagay sila yo pa te egziste avan trablemand tè a ansanm ak sèvis tankou lapwòpte ak dlo pou bwè nan objektif pou asire pi bon kondisyon lavi.



9. Epitou FRH bay sipo li nan divès pwojè pou anpeche osinon jere katastwòf pou yo ranfòse kapasiteak rezistans yo. Gen 20 milyon dola ki te mete nan twa pwojè ki jere ak ajans Nasyonzini yo kòm patnè: de pwojè pou anpeche epi bese risk katastwòf nan Depatman Nò ak Sid epi yon pwojè ki pi piti pou ranfòse kapasite pou jere risk katastwòf. Men poukisa pwogram sila te batí (i) pou ranfòse kapasite gouvènman santral la nan sa ki gen rapò ak rekonstriksyon ak ranje katye ki te detwi yo, pou jere epi bese risk katastwòf ak malè lanati pote (ii) pou ranfòse kapasite otorite ak kominate lokal yo nan vil yo pou pi byen jere jan yo reyaji lè gen katastwòf epi jan yo fè devlopman, sa fèt gras ak fòmasyon, komunikasyon ak konsyantization piblik la sou sa ki gen rapò ak risk lanati pote, nan kreyasyon ak bonjan fonksyonman òganizasyon ki reprezante kominate yo, epitou ankouraje moun ki viv nan menm zòn pou yo planifye epi jere zafè katye lakay yo nan tèt ansanm.

10. Tout pwojè FRH finanse yo youn antre nan lòt. Yo aprann anpil nan eksperyans yo twoke ak lesion yo pran nan yon sitiyasyon ki difisil kote mopun rete nenpòt kijan nan katye yo epi batí kay nan kote ki gen danje. Pafwa tou yo ankouraje epi ranfòse jesyon pwojè Gouvènman an tanmen ak enstitisyon tankou UCLBP. Yo pote soutyen yo nan aktivite fòmasyon ak devlopman nan antrepriz ki pi enpòtan yo epi pou kominate ak moun k ap travay nan zafè konstriksyon; epitou kapasite sektè piblik Ayiti a pou l jere risk ki gen rapò ak catastwòf lanati pote nan peyi a souvan. Anfin, tout pwojè sila yo te fè anpil jefò pou kreye



Anndan yon kay de inite – Pwojè 16/6 (Nasyonzini) – Foto Koutwazi FRH

Tablo: Men ki Rezulta ki pi Enpòtan nan Pwojè FRH soutni nan Sektè Kay ak Jesyon Vil yo

A. WETE EPI TRETE DEBRI	
Pwoje pou Jere debri 17 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 378,358 m³ debri te debleye • 26,585.48 m³ gravye kepatnè rekonstriksyon yo te itilize
Pwojè pou demoli epi Wete Debri ak Ekipman Lou 25 miyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 536,179 m³ debri te wete ki rive reyalize 85.8% objektif pwojè a • 8,613 m³ debri te resykle souplas ak èd OIT epi 4,770 m³ te pote nan Truman osinon te resèvi jan yo te ye pou fè ranblè. OIT ap kontinye fè resiklay souplas nan sant ki Anwò Tijo a.
Pwojè pou Rebati kay ak Katye Pòtoprens yo, 65 milyon dola, Bank Mondyal	<ul style="list-style-type: none"> • 6420 m³ de bri te wete
B. KAY KI BATI/REBATI/RANJE	
Pwojè pou Jere Debri 17 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 9 kay pilot (kimontre kijan debri ki resykle yo ka sèvi)
Pwojè pou Rebati Kay ak Katye Pòtoprens yo, 65 milyon dola, Bank Mondyal	<ul style="list-style-type: none"> • 1198 kay rebati. Oswa ranje • 160 latrinn bati
16 Katye/ 6 Kan, 30 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 108 kay rebati. • 1400 bay ranje • 4307 kay te fè evalyasyon teknik
C. SIBVANSYON POU RELOJMAN	
Pwojè pou Rebati Kay ak Katye Pòtoprens yo, 65 milyon dola, Bank Mondyal	<ul style="list-style-type: none"> • 12765 fanmi te jwenn sibvansyon • 1251 fanmi benefisyé kay ki rebati
16 Katye/ 6 Kan, 30 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 5411 fanmi resevwa sibvansyon 84% (16/6) ladan yo rete menm kote yo te reloje a toujou
D. ENFRASTRIKTI PIBLIK /DEVELOPMAN KOMINOTÈ	
Pwojè Jèsyon Debri 17 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 6 plan zòn te devlope epi kominotè yo ak prensipal patnè pwojè a te dakò. Se Katye Lelio.Mònafit, Senjera,, Depre, Kafoufèy, Fò Mèkredi ak Sanatoryom • Diagnostik vil ak Pwojè Amenajman: Kafoufèy -n Katye Dekayèt, Saye, Sanatoryom ak Savann Pistach; Cite Nèf al Fò Mèkredi
Pwojè pou Demoli epi Wete Debri ak Ekipman Lou 25 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • Sis platfòm kominotè te kreye (twa lòt platfòm Petyonvil yo te kreye nan pwojè 16/6 la) • Plan amenajman vil yo pou 9 katye konsène yo te devlope epi valide ak patisipasyon toutmoun • Itilizasyon debri yo brit osinon resykle
Pwojè pou Rebati Kay ak Katye Pòtoprens yo, 65 milyon dola, Bank Mondyal	<ul style="list-style-type: none"> • 2 sant kominotè tabli nan Simon Pele ak Nazon.

Pwojè pou Rebat Kay ak Katye Pòtoprens yo, 25 milyon dola Ajans Nasyonzini yo	<ol style="list-style-type: none"> 1. Microzonay aKjesyon risks <ul style="list-style-type: none"> • Kat ak enventè 2505 SDE rive fêt • Platfòm SILQ (Système Enfòmasyon sou Lojman ak Katye) te mete sou pye epi diferan aktè sèvi avè yo (UCBLP) o fu e a mezi 2. Ranfòsman kapasite jesyon risk ak panifikasyon devlopman <ul style="list-style-type: none"> • Kreyasyon 10 ATL (Ajans Teknik Lokal) k ap fonksyone nan 10 komin e ki kòmanse devlope Plan Lokal pou Devlopman ; • 11 Sant resous kominotè tabli nan 11 Komin Pòtoprens 3. Enstiti Estatistik Ayisen te repare, renove epi ekipe
16 Katye/ 6 Kan, 30 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ol style="list-style-type: none"> 1. 50 kan fèmen : <ul style="list-style-type: none"> • 7 gwo kan ak 17 ti kan fèmen (16/6). • 11 gwo kan ak 15 ti kan fèmen (Chanmas). • Tout espas piblik yo libere epi ranje 2. Platfòm Kominotè <ul style="list-style-type: none"> • 8 platfòm Kominotè te tabli • 9 ti pwojè kominotè • Manm yo resevwa 24 fòmasyon • 3 teren te idantifye pou yo fè sant kominotè 3. Dlo/Elektrisite: <ul style="list-style-type: none"> • 11 kyosk dlo nan kominote yo te ranje/rebatyi epi travay lapwopte fêt nan 5 katye, travay koneksyon fontenn ap fêt ; • 515 lamp lari ak transfòmatè elektrik te enstale; 4. 12 komite jesyon te mete anplas 5. Wout <ul style="list-style-type: none"> • 3.6km wout ranjet 3.2km twotwa konstwi; • 4.2km kanivo epi 0.5km drenaj konstwi • 1km chemen fêt
PrevansyonRisk Ak dezas nan Depatman Sid, 8 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 730 mèt sou menm liy lan pou yon kannal drenaj, ansam ak 430 epi 300 respektivman nan Tòbèk ak Koto • 1300 ekta tè ki replante ak diferan espès pye bwa ; 1320 mèt sou menm liy lan pou pwoteje rivaj ak gabyon pou redui sou risk dezas nan kominote ki nan zòn yo • 13,949 ml ravin ak dig ki konstwi pou kenbe dlo • 30,550 mèt kannal irigasyon ak drenaj ki netwaye • 144,000 ti plan pye bannann ki fêt a pati rasin plant sa yo nan kondisyon laboratwa ki distribye bay plantè yo pou amelyorasyon sekirite alimantè
Plan pou prevwa TramblemandTè nan Gran Nò a, 10milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • Mikwozonaj Kapayisyen ak Wanament nan faz finalizasyon • Esè ak travay jewoteknik ki ap fêt nan Fò Libète ak Pòdpè
E. FÒMASYON/DJÓB	
Pwojè Jèsyon Debri 17 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • Yon total 588 antreprenè resevwa yon sipò teknik nan jesyon entrepriz ki pèmèt yo amelyore kapasite yo pou empante epi suiv pwojè yo • Fòmasyon pou ranfòsman kapasite dirijan kominote yo (10 dirijan ak lide yo ansam ak 3 AZÈK ak KAZÈK)
Pwojè pou Demoli epi wete Debri ak Ekipman Lou 25 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 16,163 moun benefisyè aktivite HIMO yo, pam yo 6,106 se fanm yo ye (508.8% sib pwojè a, 37.8% chif total la) • 807 moun ki anplwaye (sou 800 ki prevwa, swa 101%), pou resiklaj debri yo ak lòt inisyativ
Pwojè pou Rebat Kay ak Katye , 25 milyon dola Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • Fòmasyon manm ATL, CRC ak Ministè Interyè sou jesyon risk, planifikasyon lokal, elatriye.
16 Katye/ 6 Kan, 30 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> • 63 fòmatè sou konstriksyon parasismik ki fòme: • 480 ouvriye ki fòme epi sètifye. • 279 djòb ki kreye • 156 antreprenè ki fòme • 1341 djòb ki kreye oswa ranfòse • 4473 djòb pwovizwa ki gen rapò ak travay yo; • 358 antrepriz ki resevwa prè lajan

Prevansyon Risk Ak Dezas nan Depatman Sid, 8 milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> 3600 djòb pwovizwa ki kreye pa mwa nan zòn entèvansyon yo.
Plan pou pwevansyon tranblemand tè nan Gran Nò a, 10milyon dola, Ajans Nasyonzini yo	<ul style="list-style-type: none"> Fòmasyon ak sensibilizasyon 200 etidyan sou premye swen yo; Fòmasyon pwofesyonèl sou konstriksyon ki ap fèt la; Atelye ranfòsman kapasite lokal yo sou jesyon plan altènatif yo ki ap fèt nan nivo twa (3) vil ak depatman nan Nò a.



Yon benefisyè Nerèt ki kontan anpil resevwa sètifikasi fòmasyon li Leta rekonèt, 16/6 pwojè (ONU) – Foto koutwazi FRH



Nouvo wout ki pou mennen nan rue Nord Alexis ki konekte Avenue John Brown ak Avenue Poupelard, pwojè REKAD (Bank Mondyal) – Foto koutwazi FRH

FOKIS SOU REZILTA PWOJÈ YO

Pwojè refòm sistèm edikasyon anr

- Konstriksyon lekòl FRH finanse yo nan Bwa Lorans, Lagamat (Monben Kwochi), Laflè (Wanament), San Sousi (Milo) ak Ravin Ponpèt (Pilat) ap kòmanse nan mwa avril 2014
- 920 pwofesè ap resevwa nan moman an yon fòmasyon pou pwofesè

Pwojè rekonstriksyon abitasyon kominotè nan Pòtoprens

- Staf nan de (2) Sant Resous Kominotè jwenn djòb epi ap opere nan Simòn Pele ak Nazon.
- Senk (5) kan nan zòn Janmari Vensan ak Petyonvil / Site Makso te fèmen ak plis pase 12,450 fanmi ki ap viv ansanm yo relokalize. plizyè santèn lòt moun ki ap viv nan ti kan ke gouvènman an apwouwe, ap relokalize ak mwayen ki la pou sa.
- 52% moun ki relokalize yo, ki soti nan kan yo pou ale nan katye yo se fanm.

Pwogram prevansyon tranbleman tè pou rejyon Nò peyi Dayiti

- Nan Kapayisyen ak nan Wanament, genyen esè jewoteknik, prelèvman ak mezi ki ap pran sou 16 sit ki genyen priyorite.
- Plis pase 200 etidyan pran kou sou premye swen yo.
- Etid sou risk ki ka afekte nèf (9) batiman publik te piblibiye.
- Twa (3) seminè sou dezyèm faz pwojè a te fèt nan Kapayisyen, Fò Libète ak Pòdpè.

Enèji dirab pou Haïti

- Tèm referans pou anplaye yon kowòdonatè sou teren an ak yon manadjè pwojè a te soumèt bay Gouvènman ayisen an epi ekip la ap tann yon repons gouvènman an.

Pwodiksyon ak transfòmasyon lèt

- Yo prepare yon kanpay pou fè pwomosyon pou lansman 3 izin lèt, ki gen pou fèt nan mwa avril 2014.
- Yo te konplete yon dezyèm misyon konsiltan entènasyonal sou teknoloji nan izin lèt
- Enstalasyon ekipman ak materyèl izin lèt yo ap fèt nan Tomazo, Kotdefè epi Tòbèk.

Pwojè 16 Katye / 6 Kan

- Yo ap konstwi yon batiman ki genyen plizye inite ki kapab akeyi senk (5) fanmi nan mon laza.
- 4 kay te bati nan Nerèt, sou sitki individuel. Meri yo ak Ministè Zafè Sosyal te kreye epi valide 8 platfòm kominotè nan Mònèkil, Mòn Laza, Nerèt, Jalouzi, Vila Rosa, Janbatis epi Bwa Patat.
- 3 sant kominotè te bati nan Mònèkil, Nerèt ak Jalouzi.
- Yo te idantifye yon teren nan Mònèkil pou bati yon Sant Mwayen Kominotè, epi demach pou achte teren sila a ap fèt.



Biwo Asosyasyon Teknik Lokal Petyonvil – Foto koutwazi FRH




Yon òganizasyon fanm ki ap fete jounen entènasyonal fanm nan nouvo Sant Mwayen Kominotè nan Kanaan – Foto koutwazi FRH

1. Pandan trimès sila a, pa genyen anpil chanjman ki afekte sityasyon finansye FRH. Pa rapò ak **lajan ki rantre**, se sèlman yon ti ogmantasyon 70.000 dola revni plasman an) yo te remake pandan pa genyen ankenn lôt pwomès ak dekesman ki te anrejistre sou bò pa bayè yo (**381.05 milyon dola**). Kanta pou depans yo, pa genyen ankenn nouvo transfè ki te fêt a pati kont fidisyè a. Kidonk, soti nan yon trimès pou rive nan yon lôt, fon yo ki rete nan demach yo¹ prèske rete tankou si yo pa ta manyen yo, ak yon ti ogmantasyon poutèt revni plasman amplis ke yo remake pi wo a (**soti 105,28 milyon rive 105,35 milyon dola**).

2. Poutan, genyen kèk varyasyon yo remake sou pwen ki ap suiv yo:

A. Alokasyon fon epi sòld FRH

3. Yo te pwopoze yon nouvo alokasyon fon pandan trimès la pou yon pwogram sipò bidjetè Bank Mondyal pou 17,58 milyon dola epi ki reflete an pati preferans Lespay (13 milyon) ak pa Lafrans (4,58 milyon). Kidonk, apwobasyon yo ak demann global yo depi kreyasyon FRH jouk rive fen mwa mas 2014 te ogmante pou 296 milyon dola nan mwa desanm 2013 rive 313,6 milyon dola, swa division sila a dapre aktivite yo: (i) 299,4 milyon, oswa 95,6% pou aktivite pwojè yo apwouve yo; (ii) 9,5 milyon oswa 3% pou antite patenè yo pou frè jesyon pwojè a; epi (iii) 4,7 milyon oswa 1,4% pou frè administrasyon yo.




¹ Ki reprezante diferans ant lajan yo resevwa nan men bayè yo, ak revni plasman an sou yon bò, epi transfè pou antite patenè yo sou yon lôt bò.

4. Pandan yo ap antisipe konfirmasyon dènye alokasyon an, sòld fon FRH yo nan fen mwa mas 2014 ta dwe **69,07 milyon dola** (381.05 milyon soti nan lajan ki akimile + 1,62 milyon enterè ki akimile -313,6 milyon kredi ki apwouve). Sòld sila a genyen ladann **68,5 milyon²** Komite Pilotaj la rezève pou alokasyon ki ap gen pou fêt, pandan yo kite 0,6 milyon resous ki pa genyen ankenn alokasyon sou yo.

B. Antite patenè yo

5. Genyen alokasyon ki fêt bay Antite patenè yo (308,9 milyon = 299,4 milyon pou aktivite pwojè yo + 9.5 milyon frè jesyon). Alokasyon sila yo te jwenn apwobasyon pou: (i) Ajans Nasyon Zini ki resevwa 127,6 milyon dola (swa 41 % total finansman ki apwouve yo); (ii) Bank Mondyal (BM) ki resevwa 132,6 milyon dola (oswa 43 % apwobasyon konbinen yo); epi (iii) Bank Entè-amerikenn Devlopman (BID) ki resevwa 48,7 milyon dola (oswa 16 % fon ki divize yo).
6. Pa genyen ankenn varyasyon ki te anrejistre nan dekesman fidisyè a bay antite patenè yo, sa ki fè rete 273 milyon dola ak yon sòld ki pokò dekese pou pwojè pou yon montan 36 milyon dola Komite Pilotaj FRH la gentan apwouve.
7. Nan fen mwa mas 2014, antite patenè yo te dekese 189,4 milyon dola pou enplemente pwojè yo, swa prèske 70 % fon ki te transfere ba yo pou aktivite yo. Pou grenn antite patnè yo, to dekesman an te atenn yon nivo 89 % pou Nasyon Zini, te bese rive 50% pou Bank Mondyal (ak nouvo operasyon dekesman an yo toujou ap tann) epi te rete menm jan an a 20 % pou BID



² Montan sila a reprezante operasyon ki ap pare yo ak BID (operasyon pou yon sipò bidjetè 21 milyon ak pwojè enèji Pelig la pou 7,5 milyon) epi montan 40 milyon an ki rezève nan Latibonit 4C.

Travay Komite Pilotaj FRH la se tabli prensip fon an epi pran desizyon sou kisa ki ap fèt ak resous fon an selon sa Gouvènman peyi a mande epi voye je sou pwogrè ajans patnè yo ak ajans egzekisyon yo reyalize ak lajan FRH ba yo. Men kilès ki nan Komite Pilotaj, Minis Ekonomi ak Finans la se Prezidan Komite a, gen lòt reprezentan Ayiti tou (tankou reprezentan Minstè Planifikasyon an Kooperasyon Ekstèn ak Prezidan peyi a) epi reprezentan ajans ki bay plis èd yo (sètadi sa ki bay FRH omwens 30 milyon dola), ajans patnè yo (BID, Sosyete Finansyè pou Devlòpman, Nasyonzini ak Bank Mondyal) epi Fidisyè a. Komite Pilotaj la gen obsèvatè ladan I tou tankou reprezentan sossyete civil peyi Dayiti, sektè prive a, kolektivite territoryal yo, Dyaspora ak ONG entènasyonal yo. Donatè prensipal yo (selon sa ki bay plis) se Etazini, Brezil, Kanada, Nòvèj, Lafrans, Japon, Espay). Men potre kèk manm Komite Pilotaj la



Marie Carmelle JEAN -MARIE,
Prezident Komite Pilotaj la, Minis
Ekonomi ak Finans



Laurent Salvador LAMOTHE, Manm
Komite Pilotaj la, Premye Minis ak
Minis Planifikasyon ak Kowoperasyon
Ekstèn.



Thomas C. Adams, Manm Komite
Pilotaj la, Kowòdonatè Espesyal Ayiti-
Etazini.



Antonio José Ferreira Simões, Manm
Komite Pilotaj la, Sousekretè Jeneral pou
Amerik Disid, Amerik Santral ak Karayib la,
Anbasad Brezil.



Pierre DUQUESNE, Manm
Komite Pilotaj la, Anbasadè peyi
Lafrans pou Rekonstriksyon an



Tamura KATSUYOSHI, Manm Komite
Pilotaj la, Anbasadè peyi Japon



Manuel Hernandez RUIGOMEZ, Manm Komite Pilotaj la, Anbasadè peyi Lespay



José Augustin AGUERRE, Manm Komite Pilotaj la, Manadjè biwo, BID AYITI



Mary BARTON-DOCK, Manm Komite Pilotaj la, Anvwaye Espesyal Bank Mondyal nan peyi Daviti



Darius STANGU, Manm Komite Pilotaj la, Fidisye



Sophie DE CAEN, Manm Komite Pilotaj la, Direktè Siperyè nan peyi a pou Pwogram Nasyon Zini pou Devlòpman



Réginald BOULOS, Obsèvatè, Prezidan Chann Komès ak Endistri.

MEN KÈK ENFÒMASYON SOU FRH

FRH se yon patenarya ant kominate entènasyonal la ak Gouvènman aysyen an pou finanse rekonstriksyon an apre tranblemandtè a.

FRH mobilize, kòdone epi bay kontribisyon bayè bilateral yo ak lòt pou finanse pwojè ak pwogram ki priorité anpil, ansanm ak apui bidjetè. Men ki avantaj apwòch milti-bayè sa a pote :

- Fasilite pi plis amonizasyon nan met ansanm resous plizyè bayè pote pou ede priorite Gouvènman peyi D Ayiti an genyen pou rekonstriksyon an;
- Met aksan sou avantaj konparatif patnè lokal ak entènasyonal tout moun konnen nan aktivite yo ap mennen sou teren an;
- Bese depans tranzaksyon pou Gouvènman an ak bayè yo poutèt y ap travay ak yon sèl estrikti finansman;
- Evite aksyon k ap fè menm bagay la ak jefò yo mete pou fè yo ;
- Ede jwenn repons pou satisfè bezwen finansman estratejik nan pwosesis rekonstriksyon an jan Gouvènman peyi D Ayiti defini sa.

FRH se yon gwo sous finansman non pwogramme pou rekonstriksyon an.

Lan dat 30 septanm 2013, diznèf bayè te pran angajman pou bay Fon an 396 milyon dola ameriken. Lajan sa a pat pwogramme e yo kapab sèvi avè l lan yon sans oubyen yon lòt pou reponn a bezwen estratejik pou rekonstriksyon an gouvènman an genyen.

Se Gouvènman peyi D Ayiti ki ala tèt FRH e se li fikse priorite pou li.

Se Minis Finans lan ki prezide Komite Pilotaj FRH la. Tout aktivite rekonstriksyon yo FRH ap finanse dwe prezante douvan antite Gouvènman Aysiyen an chwazi kòm Fasafas FRH la, e yo dwe jwenn apwobasyon nan men li.

Se FRH ki ofri pi gwo finansman pou sektè priorité nan rebati Ayiti tankou kay, leve dekonb jesyon risk dezas yo epi apui bidjetè.

FRH se yon mekanism efikaz san anpil lajan ki la pou finansman rekonstriksyon an.

Mwens pase 5% resous ki anganje yo sèvi pou kouvri depans administratif Sekretarya FRH la, Fidisèy a ak Antite Patnè yo. FRH kapab bay apwobasyon rapid pou finanse ti pwojè yo rive jouk 1 milyon dola ameriken nan yon semèn ak valè lajan ki pi wo yo nan de semèn, apre li fin resevwa demand Fasafas Gouvènman an nan FRH.

FRH se yon patnè ki la pou yon tan ki long pou rebati Ayiti.

FRH ap kontinye ede pwosesis la pou rebati Ayiti rive jouk mwa desanm 2017.

SEKRETARYA FRH

Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn

387, wout Boudon, Pòtoprens, Ayiti

Tel : (509) 3798-0817

www.haitireconstructionfund.org

Pou tout kòmantè sou pwojè FRH finanse yo, voye yon mesaj tèks gratis bay 3747



Etats-Unis



Brésil



Canada



Norvège



France



Japon



Espagne



Australie



Nigéria



Oman



Colombie



Suède



Thaïlande



Banque Mondiale



Finlande



Irlande



Chypre



Lettonie



Estonie